

Vareniklin (ke yo rele Chantix®)

Vareniklin, ke yo rele tou Chantix®, se yon medikaman pou tabak ki pa gen nikotin. Li ka se medikaman ki pi efikas aktyèlman ak disponib pou ede moun kite fimèn.

Vareniklin nan bloke plezi ki asosye ak fimèn epi li trete rejè nikotin nan. Vareniklin pa dwe itilize ak medikaman ki ranplase ak nikotin (plak, gom, pastiy, inalatè oswa flitè pou nen), e ki ou ka jwen sèlman sou preskripsyon.

Vareniklin an kòmanse pi souvan nan youn a de semen avan ou planifye pou kite a (rele sa dat anile). Li rekòmande pou veraniklin lan pran pandan twa a sis mwa. Gen moun ki gen kè plen le yon pran veraniklin, donk li rekòmande pou toujou pran li ak manje. Lot efè sekondè ki posib ka gen ladann rèv kipa nomal, ensomni (pwoblèm paka dòmi) ak



Veraniklin ta dwe itilize egzakteman jan yo preskri li a. Medikaman sa a pa ka itilize si ou gen yon maladi ren grav (oswa w ap resevwa tretman dyaliz ren / ren).

Gen kèk moun ki pran vareniklin ki te rapòte chanjman nan atitud oswa ajitasyon ki te pase, men nan yon gro etid doub-avèg ki kontwole pa plasebo, risk pou efè sekondè sa yo pa ase elve ke moun ki te resevwa plak nikotin, bupropion oswa menm plasebo pandan y ap eseye kite fimèn. Diskite sa ak moun k'ap preskri ou a oswa konseye ou epi pa ezite rapòte nenpòt efè sekondè bay k'ap preskri ou a.

¹ Anthenelli RM, Benowitz NL, West R, St Aubin L, McRae T, Lawrence D, Ascher J, Russ C, Krishen A, Evins AE. Neuropsychiatric safety and efficacy of varenicline, bupropion, and nicotine patch in smokers with and without psychiatric disorders (EAGLES): a double-blind, randomised, placebo-controlled clinical trial. *Lancet*. 2016 Jun 18;387(10037):2507-20.

Adapted from the Medication Management Manual. Williams JM, Steinberg ML, Zimmermann MH, Gandhi KK, Stipelman B, Budsock PD, Ziedonis DM. Comparison of two intensities of tobacco dependence counseling in schizophrenia and schizoaffective disorder. *J Subst Abuse Treat*, Jun;38(4):384-93, 2010